



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 11 PWOJÈ TRANSFÒMATÈ NAN BUFFALO NAN
KAD SIBVANSYON INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA**

A

***Investisman an pral debloke nouvo opòtinite pou lojman, biznis ak travay nan
katye Broadway-Fillmore nan Buffalo, amelyore kalite lavi pou tout rezidan
Buffalo yo***

***Mete aksan sou angajman Gouvènè a pou relanse ekonomi yo nan nò Eta a,
revitalize kominote anba lavil yo atravè DRI***

Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 11 pwojè transfòmatè nan katye Broadway-Fillmore nan Buffalo pou amelyore kalite lavi rezidan Buffalo yo ak kreye opòtinite pou biznis, travay ak lojman nan kad sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) 10 milyon dola a. Investisman sa yo pral ogmante rezèv dans bilding komèsyal istorik nan katye a pou nouvo espas vèt ki dinamik, lari ki oryante sou lavant an detay, amelyore koneksyon pou bisiklèt ak pyeton yo ak peyizaj lari ki anime. Amelyorasyon sa yo fè pati efò Gouvènè a kontinye ap fè pou revitalize ekonomi rejyon nò Eta a epi ankouraje kominote Lwès New York yo.

"N ap trase yon nouvo chemen pou Buffalo — fè investisman enpòtan ki pral ede kontinye re-ekri istwa retou Buffalo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman nou yo nan lojman, devlopman ekonomik, ak kreyasyon travay nan Lès Buffalo pral ede pote nouvo lavi nan kominote a epi fè li tounen yon pi bon kote pou viv ak travay. Administrasyon mwen an pral kontinye efò nou yo pou transfòme katye yo pou tounen sant kominotè dinamik epi bati yon pi bon avni pou Nouyòkè yo".

Yo te nonmen katye Broadway-Fillmore Buffalo a kòm yon gayan 5yèm faz DRI a an 2021. Pwojè presi yo ki pral finanse atravè DRI gen ladan:

Amelyorasyon nan Mache Broadway - Sibvansyon DRI: 2,500,000 dola

Antre prensipal mache a pral ouvri pou akomode ekipman ki gen ladan yon vestibil avèk yon repètwa, kyòsk enfòmasyon piblik, etal flè, ak aparèy ATM; kreye yon mache

kiltivatè deyò; deplase espas lokatè yo sou Broadway ke machann ki gen rapò ak manje yo pral ranplase; ak amelyore sikilasyon atravè mache a.

Amelyorasyon nan Eksperyans Pyeton - Sibvansyon DRI: 1,766,850 dola

Pwojè sa a enplike investisman katalizè nan oryantasyon ak siyalizasyon dènye modèl, nouvo ekleraj lari ki efikas pou enèji epi ki amelyore sekirite piblik, plante pyebwa, ak nouvo ekipman piblik tankou chèz piblik deyò ak jadinnyè pou kreye yon espas piblik ki pi akeyan pou rezidan yo ak vizitè yo.

Konstriksyon Gwo Gazon Tèminal Santral Buffalo - Sibvansyon DRI: 1,000,000 dola

Gazon zèb ki pa byen itilize sa a pral transfòme pou tounen yon espas vèt akeyan ak trè aktif pou itilize pandan tout ane a ki gen ladan aktivite lwazi, evènman espòtif òganize, ak evènman pou ankouraje enterè ak sipò pou itilizasyon bilding alavni.

Renovasyon 239 Lombard pou Founi Gadri ak Fòm Travayè nan Gadri yo - Sibvansyon DRI: 1,000,000 dola

De premye etaj pwopriyete ki egziste a pral renove pou tounen yon etablisman gadri ki ka sèvi jiska 90 timoun epi anplwaye omwen 20 moun ansanm ak yon etablisman pou fòm travayè gadri yo.

Kreyasyon yon Fèm Kontenè Byolojik Inovatè - Sibvansyon DRI: 664,000 dola

Bilding abandone sa a ak pakin ki sou kote li a pral reyitilize pou tounen nan yon fèm kontenè 0.40 ekta. Etablisman an ki alimante ak enèji solè pral sipòte anbalaj epi gen ladan espas biwo. Sa a pral sèvi yon zòn ki deziyen kòm yon dezè manje ak pwodui òganik ki grandi lokalman.

Revitalizasyon Pak Sears Paderewski - Sibvansyon DRI: 630,000 dola

Pak la pral rebati pou kreye yon espas rasanbleman ki gen plizyè objektif avèk plantasyon pyebwa, nouvo amenajman peyizaje, ak ekipman, ansanm ak ekipman lakou rekreyasyon, yon nouvo paviyon, ak espas sivik. Paviyon an pral ajè kòm yon espas rasanbleman pou ti pèfòmans, mache deyò, ak yon zòn pou jwe nan lonbraj ki aksesib.

Kreyasyon Lojman Abòdab nan Playter Gardens nan Mache a - Sibvansyon DRI: 550,000 dola

Pwojè a pral kreye 62 inite devlopman ranplasman ki gen ladan yon varyete kalite lojman abòdab soti nan lokasyon pou yon sèl fanmi rive nan apatman twa etaj anpile, apatman pou plizyè fanmi tankou jaden avèk yon total plis pase 64,000 pye kare espas rezidansyèl.

Renove Brasri Istorik Schreiber - Sibvansyon DRI: 500,000 dola

Pwopriyete aktyèl la pral renove pou tounen yon espas komèsyal fleksib pou plizyè itilizasyon, ki gen ladan espas pwodiksyon brasaj, yon "brewseum", biznis fabrikasyon brasaj an gwo, ak lòt itilizasyon biwo, komèsyal ak rezidansyèl.

Renovasyon 950 Broadway pou Sant Gadri Abòdab - Sibvansyon DRI: 427,150 dola

Yon ansyen bilding komèsyal pral renove pou tounen yon sant gadri. Bilding lan pral konfigire an sis salklas, yon kwizin komèsyal, de espas pou jwèt motris brit, depo nitrisyonèl, depo biwo, ak twalèt. Li pral ajoute tou yon lakou rekreyasyon deyò pou plizyè kategori laj.

Agrandisman yon Boulanje ki Etabli nan Katye a - Sibvansyon DRI: 362,000 dola

Yon katye prensipal ak youn nan pi gwo anplwayè nan Broadway-Fillmore, boulanje a planifye pou elaji enstalasyon li yo nan pasèl 185 Sweet Avenue ki sou kote a. Pwojè sa a gen ladan renovasyon yon estrikti vid pou elaji kapasite pwodiksyon an.

Amelyorasyon Matt Urban Center pou Aktivite Apre Lekòl ak Espas Espektak - Sibvansyon DRI: 290,000 dola

Pwojè sa a pral prezève bilding lan epi ede Matt Urban Center (Sant Iben Matt) satisfè egzijans lisans li pou yon pwogram apre lekòl. Yon poto mitan nan kominote a, yon Matt Urban Center modènize pral kontribiye anpil nan revitalizasyon katye a atravè dispozisyon sèvis enpòtan yo.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se pwogram prensipal Depatman Eta a ki bay kominote yo opòtinite pou yo transfòme ak revitalize anba lavil yo yon fason pozitif pou fè yo tounen yon kote ki dinamik pou viv, travay ak jwe. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan pwogram enpòtan sa a ki kontinye envesti nan kominote yo toupatou nan gwo eta sa a".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Yon Kot Lès ki an sante se kle pou grandi repitasyon Buffalo kòm yon vil ki gen nouvo opòtinite ekonomik nan tout katye li yo, olye kèk ki privilejye. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la vize pwojè ki pral ankouraje kwasans nouvo biznis, lojman, ak espas vèt - kote tout gen popilasyon kominote miltikiltirèl fyè, ki anvi ak pare pou kreye yon demen meyè, ki pi solid ak ki pi an sekirite pral rann li dinamik".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Pi bon jou kominote Broadway-Fillmore yo pi devan, avèk nouvo lavi k ap soufle nan distri istorik sa a. Avèk onz pwojè sa yo, Broadway-Fillmore pral yon plas ki ankò pi enklizif ak akeyan ki reflekte kilti ak istwa rich

li. Mwen remèsye tout moun kote opinyon ak pèspektiv yo te ede idantifye pwojè sa yo epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou gwo sipò li pou katye nan Buffalo yo".

Lidè Majorite Asanble a Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, "Felisitasyon a tout benefisyè sibvansyon yo jodi a nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Broadway-Fillmore la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York la pou investisman 10 milyon dola sa a sou Kot Lès Buffalo; gen yon bon tan devan pou ede estabilize ak devlope kominote nou an. Avèk kwasans popilasyon an kòm fondasyon, gen yon dinamis kreyatif ak melanj divèsite ki pral ankouraje kominote sa alavni".

Manm Konsèy Buffalo, Mitch Nowakowski, te deklare, "Lè yo te anonse katye Broadway-Fillmore kòm yon benefisyè DRI ane pase, mwen te konnen finansman yo t ap fè yon enpak transfòmatè nan kominote a. Investisman sa a pral kontinye pote limyè sou potansyèl distri a. Mwen remèsye Gouvènè a paske li priyorize Kot Lès Buffalo ak fanmi yo ki fè isit la tounen lakay yo!"

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou DRI lan disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418